

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

HAITIAN CREOLE EDITION
SCIENCE—GRADE 4
WRITTEN TEST

4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

PRENTAN 2006

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an majiskil sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Premye Pati a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyonn sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen 14 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.

Copyright 2006

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

ESPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan l. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini apre l, repons yo make ak lèt A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fey repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 pou make repons ou yo sou fèy repons lan.

Li egzanp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

S-1 Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzanz **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanz **S-2** a.

S-2 Kilès nan bèt sa yo ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fêt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlmen fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon an.

Premye Pati

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 1 ak 2 a. Tablo a montre w kòman tan an ye nan yon vil vè midi pandan senk jou nan mwa Mas.

Kòman tan an ye vè midi pou senk jou nan mwa Mas

Jou	Tanperati	Kòman Syèl la ye	Nèj
Lendi	31°F	pa tèlman gen nyaj	okenn
Madi	31°F	gen nyaj	$\frac{1}{2}$ pouz
Mèkredi	29°F	gen plis nyaj	2 pouz
Jedi	18°F	gen nyaj	3 pouz
Vandredi	32°F	klè	okenn

- 1 Ki deklarasyon ki dekri pi byen sa ki t ap pase tanperati a vè midi sòti Madi pou rive Vandredi?
 - A Li te monte, sèlman.
 - B Li te desann, sèlman.
 - C Li te monte apre li te desann.
 - D Li te desann apre li te monte.

- 2 Kòman syèl la te ye jou te gen plis nèj la?
 - A klè
 - B gen nyaj
 - C pa tèlman gen nyaj
 - D gen plis nyaj



3 Nèj mouye ak lagrèl fêt ak

- A nyaj yo
- B enèji
- C evaporasyon
- D presipitasyon


4 Lè van oubyen dlo deplase tè a sa rele

- A kondansasyon
- B evaporasyon
- C ewozyon
- D friksyon

5 Ki enstriman yo sèvi pou mezire volim yon likid?

- A balans
- B règ
- C tèmomèt
- D silenn gradye

6 Dyagram anba a montre yon likid nan yon vesò epi yon vesò ki vid.



Yo vide tout likid la nan vesò ki vid la. Ki pwopriyete likid la ki chanje?

- A koulè
- B odè
- C fòm
- D volim

7 Ki enstriman yon etidyan dwe itilize pou konpare mas 2 ti wòch?

- A balans
- B lanti
- C règ
- D tas pou mezire

8 Dyagram anba a montre yon mòso bwa.



Mòso bwa a solid paske li genyen yon

- A koulè defini
- B odè defini
- C fòm defini
- D kalite defini

9 Kisa ki pi bon kondiktè kouran?


- A fouchèt an metal
- B bòt an kaoutchou
- C kiyè plastik
- D baton an bwa

10 Ki pi bon egzanp evaporasyon?

- A lapli ki jele
- B yon mòso glas ki fonn
- C yon ma dlo ki sèch nan solèy
- D yon eponj ki tranpe nan dlo

Sèvi ak enfòmasyon epi ak dyagram anba yo pou reponn kesyon 11 jiska 13.

Nan dyagram 1, yon mesye ap leve yon bwat lou pou mete nan yon kamyon. Nan dyagram 2 a, menm mesye a sèvi ak yon ranp pou leve menm bwat la nan menm kamyon an.



11 Nan dyagram 2 a ki kalite machin senp ranp la ye?

- A pouli
- B plan enkline
- C levyé
- D wou

12 Poukisa li pi fasil pou mesye a leve menm bwat la ak ranp la?

- A Li itilize mwens fòs.
- B Li deplase bwat la sou yon distans ki pi kout.
- C Bwat la pi lejè.
- D Kamyon an pi ba.


13 Li ta pi fasil pou leve bwat la si sifas ranp la te pi swa paske t ap gen mwens

- A friksyon
- B gravite
- C mas
- D volim

14 Yo lage yon mab nan yon vè dlo. Ki fòs ki rale mab la nan fon vè a?

- A elektrisite
- B friksyon
- C gravite
- D mayetis

15 Ki lèt nan dyagram anba a ki montre estrikti plant la ki pran dlo ak eleman nitritif?




- A A
- B B
- C C
- D D

16 Ki karakteristik ki ede yon rena jwenn manje?

- A sans pou li santi
- B fouri ki epè
- C ke long
- D dan pwenti

17 Ki dyagram ki byen montre evolisyon lavi kèk ensèk?



18 Ki bagay ki lakòz fèy yon plant vin pi laj?

- A reparasyon
- B kwasans
- C dekonpozisyon
- D boujònman

19 Yon tòti k ap manje vètè se yon egzanp

- A respirasyon
- B repwodiksyon
- C eliminasyon fatra
- D pran eleman nitritif

20 Fonksyon prensipal pye palme yon kana se pou ede kana a

- A fè bri
- B pwoteje tèt li
- C naje nan dlo
- D jwenn yon konpay


21 Yon fason bêt reyaji dabitud lè tanperati a desann bridsoukou se

- A swe
- B frisonnen
- C bat zye yo
- D krache

22 Yon elèv mete de plant ki sanble nan menm kalite epi menm kantite tè. Li ba yo menm kantite dlo. Li mete yonn nan plant sa yo tou pre yon fenèt ki jwenn solèy epi lòt la nan yon chanm fè nwa. Eksperyans sa a teste jan plan la reyaji nan

- A limyè
- B lè
- C dlo
- D tè

Sèvi ak dyagram chèn alimantè anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 jiska 26.



23 Enèji tout òganis bezwen pou viv sòti nan

- A lè
- B Solèy
- C dlo
- D zèb

24 Ki òganis ki se yon pwodisè?

- A sotrèl
- B chat sovaj
- C zèb
- D krapo

25 Nan chèn alimantè sa a chat sovaj la reprezante

- A jibye
- B predatè
- C dekonpozè
- D pwodisè

Remake kesyon 26 la gen sèlman twa chwa.

26 Si tout krapo yo mouri, popilasyon chat sovaj la ap plis kapab

- A desann
- B monte
- C rete menm


27 Ki aktivite moun fè ki pi souvan negatif pou anviwonman an?

- A respire
- B grandi
- C plante
- D polye

28 Nan Leta Nouyòk, jounen an pi kout nan ki mwa?

- A Desanm
- B Jen
- C Mas
- D Sektanm

Sèvi ak desen graf anba a, ki montre dire lavi mwayènn kat bèt pou reponn kesyon 29 ak 30 yo.



29 Ki deklarasyon enfòmasyon ki nan tablo desen an kore?

- A Dire lavi yon chyen pi long pase dire lavi yon ekirèy.
- B Dire lavi yon Lyon pi long pase dire lavi yon cheval.
- C Dire lavi yon ekirèy pi long pase dire lavi yon Lyon.
- D Dire lavi yon cheval pi long pase dire la vi yon chyen.

30 Dire lavi yon bèt defini pa

- A chanjman ki fèt lè bèt la ap devlope
- B kantite tan ant lè bèt la fèt ak lè li mouri
- C pwosesis ki fè bèt vin pi gwo
- D transfè très espesifik ant bèt la ak pitit li

ALE TOU DWAT NAN DEZYÈM PATI ➔

Dezyèm Pati

Eksplikasyon (31–44): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

Sèvi ak enfòmason anba a epi ak konesans ou nan lasyans pou reponn kesyon 31 jiska 34.


Yon gwoup elèv katriyèm nivo make koulè zye yo. Sa ki make nan tablo enfòmasyon anba a montre rezulta yo. Senbòl # egal senk.

Tablo Enfòmasyon

Koulè Zye	Kantite Elèv
ble	### ### ###
mawon	### ### ### ### ### ###
vè	### ###

- 31** Ki koulè zye ou te jwenn pi plis nan gwoup elèv sa yo? [1]
-

- 32** Sèvi ak rezulta yo nan tablo enfòmasyon an pou fini graf ba ki anba a. [1]



- 33 Idantifye **yon** trè, pase koulè zye yo, timoun yo kapab eritye nan paran yo. [1]
-

- 34 Idantifye **yon** karakteristik timoun yo aprann epi yo **pa** eritye l nan paran yo. [1]
-

- 35 Yon elèv te kroke 3 chemiz mouye nan solèy pou seche, chemiz *A*, *B*, ak *C*. Chemiz yo te fèt ak menm materyèl. Elèv la te prevwa chemiz *B* t ap seche pi vit. Tablo enfòmasyon anba a montre rezulta yo.

Tan pou Chemiz yo Seche

Chemiz	Tan pou Seche (minit)
A	25
B	32
C	40

Eske rezulta yo ale ak prediksyon chemiz *B* a t ap seche pi vit?


Antoure yonn:

Wi

Non

Sèvi ak enfòmasyon nan tablo a pou eksplike repons ou a. [1]

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 36 ak 37 yo. Dyagram nan montre yon vè ki genyen glas ladan l.




36 Glas la nan vè a reprezante ki eta matyè? [1]

37 Nan vè a anba a, desine kijan sa ki nan vè a ap vin parèt apre li chita nan yon kwizin cho pandan 45 minit. Ekri sou kò vè a kisa ki ladan l. [2]



Sèvi ak enfòmasyon epi dyagram ki anba a pou reponn kesyon 38 ak 39 yo.


Dyagram nan montre kat blòk ki sou yon pout ekilib. Kat blòk yo gen menm mas.



- 38** Bay **yon** obsèvasyon ki moutre bò A a gen plis mas sou li. [1]
-
-


- 39** Kouman pou ranje ankò kat blòk yo montre w yo **sou pout la** pou bò A a ak bò B a ka balanse? [1]
-
-
-

- 40** Dyagram A ak B yo anba a montre menm ba leman an ap rale menm agraf pou papye a nan de distans ki pa menm.



Eksplike poukisa ba leman an rale agraf pou papye a ak plis fòs nan dyagram *B* a pase nan dyagram *A* a. [1]

Sèvi ak dyagram anba a, ki montre kat etap nan la vi yon plant vèt, pou reponn késyon 41 jiska 43.



41 Gèminasyon fèt ant ki de etap? [1]

ak _____

42 Nan ki etap gress bwa yo pwodi? [1]

43 Bay **de** bagay plant vè bezwen pou grandi ak fleri. [1]

(1) _____

(2) _____

- 44** Papiyon monak kite Leta Nouyòk nan yon sèten tan nan ane a. Eksplike kòman migrasyon ede papiyon yo siviv. [1]

For Teacher Use Only

Part II Credit

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	1	
32	1	
33	1	
34	1	
35	1	
36	1	
37	2	
38	1	
39	1	
40	1	
41	1	
42	1	
43	1	
44	1	
Total	15	